**Хаза бу вайн нохчийн мотт, оьзда ду вайн гIиллакхаш.**

**Кхара,9 апрель,2014 шо.**

**Гуьмсан урхаллин к1оштан Бильтой-Юьртан дехийлан юккъера юкъарадешаран ишколан газет**




# Зевне аз




Тахана номерехь:

25-г1а апрель-нохчийн меттан Де!



1-ра аг1о

Ишколан дахар.



2-г1а аг1о

Берийн коллаstarралла.



3-4 г1а аг1о

Нохчийн фольклор



5-6 г1а аг1о


**УКАЗ**

11.05.2007 ш. Соьлжа г1ала,№20

Нохчийн мотт 1алашбаран, кхид1а шарбаран, кхиоран, Нохчийн культура кхиорехь, къоман башхалла ларъярехь цо лело мaь1на лакхадаккхаран 1алашонца:

«Нохчийн Республикехь меттанийн хьокъехь» долчу Нохчийн Республикин законна куьг яздина апрелан 25-г1а де нохчийн меттан Де д1акхайкхо.

«Нохчийн меттан Де д1акхайкхоран хьокъехь» долу 2005-чу шеран 15-чу апрелехьлера №90 йолу Нохчийн Республикин Президентан указ д1ададаккха.

Х1ара указ бакъонан ницкъ болуш ду зорбатоьхначу дийнахь дуьйна.

Нохчийн Республикин Президент Кадыров Р.А.

*Шен ненан мотт халкъо.*
*Сий ойбуш 1алашбахь,*
*Цу халкъан парг1ато*
*Цхьаммо а хьошур яц.*

*Мамакаев Мохьмад*

# Районан къовсамийн дакъалацархой.















# Берийн пох1малла

## синквейнаш



*Буруева Раяна Р.-3»Б» кл.*

*1. Б1аьсте*
*2. Баьццара,йовха*
*3. Т1екхечи, дендина,дохдина*
*4. Б1аьсте- иза шеран мур бу*
*5. Самукъадоккху.*




*Худулов Заурбек 1.-2 «Б» кл.*

*1. 1алам*
*2. Хаза,дийнатийн*
*3. Кхиаво,1алашдо, дарба до*
*4. 1алам – иза дуьненан хазалла ю*
*5. 1алам – дуьне.*



*Салмурзаева С.И-4 кл.*

*1. Нана*
*2. Хьоме, эсала*
*3. Дуьйцу,1амаво, кхиаво*
*4. Шен сил а мерзаниг*
*5. Нана-марзо.*



*Шайхаева Т.Дж.-3 «Б» кл.*

*1. Мотт*
*2 .Оьзда, говза*
*3. Бека, буьйцу, кхетаво*
*4. Ширчу маттах цхьаъ бу*
*5. Мотт – хазна.*

# Еъна кхечи…

Еъна кхечи хаза б1аьсте,
Хиш-татолаш дуьйладели,
Зарзар хьоза дека дели,
Сан дог-ойла т1ома ели.

«Х1ай йо1 дита арахь ловзар,
Ма хьежа цу олхазаршка,
Оххьахаа урокаш т1е
Бохуш нанас мохь соь бетта.



Буруева Раяна-3 «Б» кл.

Йита, нана, цхьажимма со,
Бераллех сайн эца дезар,
Суна б1аьсте хаза хета,
Хуьлуш болу хийцамаш а.

Хаза хьоза декаш деъна,
Сан белша т1е ма хиъна,
Цунна соьгара г1о ма оьшу,
Х1ай нана, хьо кхатахь сох.

Дуьне, 1алам суна деза,
Бес-бесара дареш хуьйцу,
Хаза б1аьсте суна еза,
Хаьий хьуна иза, нана?

Ма лаьар-кха суна, нана,
Дерриг 1алам довза, талла
Цунах лаьцна яздан, дийца
Дуьне мадду и д1акхайкхо

Аса дика доьшур ма ду,
1амор ма ду дерриг жайнаш,
Шек ма яла, нана, хьо,
Сох хир ма ю къоман йо1.

# Нохчийн забарш

### ДОГЦ1ЕНАЛЛА

Цхьа стаг хилла базарахь етт бохка вахана. Цхьаммо т1евеана, хаьттина кхуьнга.
- XIapa етт дег1ана ма жима бу хьан?
- Дег1ана белахь а, ханна-м бац хьуна xIapa жима.
- Ой, шура мел ло кхо, шина-кхаа литре йолий?
- Йолу, ахьа гурралц оьзча-м.
- Ткъа базара х1унда балийна ахьа xIapa?
- Вуо болу дела балийна-кх, - аьлла, жоп делла етт болчо.

### РУЗБА

- Ассалом 1алийкум! Рузбане кхача ларор вуй со? - хаьттина ламаз тиллачо, рузба а дина маьждигера ц1а бог1учаьрга.
- Ва 1алийкум солом! Ларор ву дера-кх, хьалха дийнна к1ира а хилча, цу т1е хьо говрахь а хилча-м мухалле а.

### ИРС Я1 ХЬАН!

Шайн йиша ловзаргахь хелхаюьйлуш бехк а лаьцна, юьстах ваьлла лаьтташ хилла цуьнан ши ваша.
Цхьа хан яьлча, т1евеанчу жимачу къонахчо аьлла:
- Иза-м д1аяла а ца кхета. Евзий шуна и? - аьлла.
- Ирс я1 хьан, - аьлла вежарех цхьамма, - и йовза-х ца евзий хьуна.

### МАХКАХЬ ДОЦУ ХЕЛХАР

Моллин бераш хилла цхьа чехка йоьттучу вотанийн мукъамана чу а боьлла, махкахь доцу хелхар деш. Т1ехволучу стагана гина уьш. Корах чу а хьаьжна, цо аьлла:
- Ой, шу дена хаьий аша лелош дерг?
- Хаа-м хаьа, амма тхуна санна дика-м ца хаьа, - аьлла бераша дуьхьал.

## Д О Т Т А Г 1 И Й

**Вехаш хилла цхьа ши доттаг1. Цхьаъ ч1ог1а вехаш хилла боху, важа къен хилла. Къен 1аш волчунна ч1ог1а езаелла бехаш 1аш болчу нехан йо1. Ткъа оцу к1ентан нанна а цо и бен ялон лууш ца хилла.**
**Вехаш 1ачу доттаг1чо ша болу шен бахам д1абелла шен доттаг1чунна. Ткъа цунах ч1ог1а кхаъ хилла, и йо1 ялийна, ваха хиъна къен 1аш хилла доттаг1.**
**Цхьана дийнахь газа дукккха хан яьлча, ша ца вовзийтуш, ша саг1а доьхург ву аьлла, кет1а веана бахам д1абелларг. Иза, х1ум-ма ца луш, д1авахийтина. Ч1ог1а и новкъадаьлла, ойлане ваьлла х1ара д1авоьдуш, цхьана базар кхаьчна. Кхунна т1евеана, цхьана воккхачу стага дехар дина, ша схьаваллалц х1ара гали лардахьара аьлла. Нагахь ша делкъале схьа ца ваг1ахь, хьайна дуьтур ахьа иза аьлла, д1авахна и воккха стаг. Ши-кхо де даьлча а, и схьа ца веача, чухьаьжча, кхунна гина гали дуьззина ахча.**
**И ахча схьа а эцна, д1аваханчу кхо керт а эцна, ша хьалха ма-хиллара ваха хиъна. Дикка х1ара ваха охьахиинчу хенахь кхуьнан кет1а еана цхьа йоккха стаг. Ша хьайна чохь г1уллакх дан яийтахьара аьлла цо. Шен нана хир ю хьо тахана дуьйна д1а аьлла к1анта. Дукха хан ялале, оцу цуьнан нана ю бохучо йо1 хьахийна кхунна, резахилла кхо и ялийна.**
**Дагадеана доттаг1чунна, хьаха веза ша шен доттаг1 ву бохург шен ловзарга кхайкхина, бехкбаккха аьлла. Х1окхуо шен нана яхийтина цуьнга кхайкха.**
**Шен зуда ц1аялийнчохь, дика самукъадаьлла х1орш 1ача хенахь, къамел долийра боху к1анта:**
**- Цхьа доттаг1 вара сан, хьал долчу нехан йо1 ца йоуьйту шега ша къен ву аьлла, цо соьга аьлча, цхьа х1ума ца кхоош, цунна со долара ваьлла керт-ков д1аделла аравелира со, - аьлла и воллушехь, къамел долийра боху вукхо: ша дийца мегар дарий цхьа х1ума? Цхьана диннахь хьо со волче кет1а веара, ас хьо х1умма ца луш д1а а вахийтира. Цул т1аьхьа базарахь цхьа воккха стаг веарий хьуна т1е, гали ахча дитина вахарий иза д1а? Ас вайтина сан да вара хьуна иза. Хьо ваха охьахиъначу хенахь цхьа зуда еарий хьо волча, хьайна чохь г1уллакх дайта д1аэца аьлла? И сан нана яра хьуна, ас яийтина, ахь цунах хьайн нана йийр юй хууш. Оцу вайн нанас захало хьахийна зуда ялийний ахь? И аса хьоьга яийтина сайн йиша ю хьуна. Сайн йишин ловзаргахь 1аш волу со муха к1ант хета хьуна? - аьлла чекхдаьккхира боху цо.**
**Эццахь та а тайна, гергарло кхин а ч1аг1делла, ваха хиъна и шиъ.**

Нохчийн фольклор.

**Газета кечдинарш:**
Юсупова Э.Т-А.-ишколан оганизатор.
Магомедова Л.В.-нохчийн меттан хьехархо.
Саадуева Б.-11-чу классан дешархо.
Элтамирова Ш.-9-чу классан дешархо.
**Сурташ даьхнарш:** 1.Милсовханов М.-11-чу кл. дешархо.
2.Несерхаев М.-11-чу кл. дешархо.